

Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU RETIRE EGZANSYON KI PA  
MEDIKAL YO NAN EGZIJANS VAKSINASYON NAN LEKÒL YO**

***Nouvèl Lwa a Pral Pwoteje Sante Piblik ki Aktyèlman Anba yon Epidemi Lawoujòl***

***Li Rive Apre Efò Entansif Depatman Sante Eta a Te Fè pou Kontwole Epidemi  
Lawoujòl la nan Divès Pati nan Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa (S.2994A/A.2371), ki sipòte pa Senatè Brad Hoylman ak Manm Asanble a Jeffrey Dinowitz, pou retire egzansyon ki pa medikal yo nan egzijans vaksinasyon timoun yo nan lekòl yo. Etazini ap eksperimente aktyèlman pi move epidemi lawoujòl depi plis pase 25 an, ak epidemi yo nan divès pati nan New York ki prensipalman kreye kriz lan. Kòm yon konsekans egzansyon vaksinasyon ki pa medikal yo, anpil kominote atravè New York gen ti nivo vaksinasyon ki inakseptab, epi timoun ki pa vaksine sa yo ka souvan al lekòl kote yo ka gaye maladi a bay lòt timoun ki pa vaksine yo. Nouvèl lwa sa a pral ede pwoteje popilasyon an pandan epidemi sa a ki ap kontinye.

"Syans lan byen klè: Vaksen yo sekirize, efikas epi se pi bon fason pou kenbe timoun nou yo sekirize. Administrasyon sa a te pran mezi agresif pou kontwole epidemi lawoujòl la, men konsideran anplè li, mezi adisyonèl yo nesese pou mete fen nan kriz sante piblik sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke mwen konprann epi respekte libète relijyon yo, responsabilite prensipal nou se pwoteje sante piblik epi lè nou siyen mezi sa a pou vin lwa, nou pral ede anpeche plis transmisyon maladi yo epi bloke epidemi sa a sou wout li."

**Senatè Brad Hoylman te deklare,** "Jodi a, New York ap voye yon mesaj fò bay moun ki atravè Eta nou an pou di ke vaksen yo sekirize epi yo efikas. Nou ap mete syans an priyorite sou movèz enfòmasyon sou vaksen yo epi nou ap leve kanpe pou dwa timoun ak granmoun ki iminodeprime yo, fanm ansent ak timoun piti yo ki pa ka vaksine san ke se pa fèt yo. Ak aksyon nou ap poze jodi a, nou ka ede evite fiti epidemi maladi ke vaksen ka evite yo tankou lawoujòl. Mwen ekstrèmman rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa vital sa a pou vin lwa epi mwen remèsye Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, Prezidan Sante Sena a Rivera, Oratè Asanble a Heastie, ak Manm Asanble a Dinowitz poutèt sipò yo."

**Manm Asanble a Jeffrey Dinowitz te deklare,** "Mwen ekstrèmman fyè dèske syans te ranpòte viktwa ak adopsyon dokiman lwa sa a. Nou ta dwe pran konsèy medikal ki soti nan men pwofesyonèl medikal yo, pa nan men etranje sou entènèt ki ap gaye movèz enfòmasyon ki pa syantifik yo. Sa pa pral dènye nan efò nou ap fè yo pou konbat epidemi lawoujòl ki ap kontinye a, men sa se yon pa enpòtan. Mwen espere ke nou ka vanse apati de kounye a, ak tèt frèt, epi travay ansanm pou pwoteje sante

moun New York yo - patikilyèman sila yo ki gen sistèm iminodefisyans ki an danje yo ak sila yo ki twò jèn pou vaksine yo. Mèsi a Oratè Carl Heastie poutèt lidèchip li nan ede jere pwojè lwa sa a atravè Asanble a, mèsi a Senatè Hoylman poutèt li ap dirije mouvman an nan Sena Eta a, mèsi a Gouvènè a poutèt aksyon rapid li te poze pou adopte dokiman lwa a pou vin lwa, ansanm ak tout defansè ki te batay pou chanjman politik sante piblik enpòtan sa a".

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Lidèchip Gouvènè Cuomo te kontinyèlman ap elve nivo estanda sante piblik ak byennèt atravè Eta New York. Vaksinasyon ap bay timoun yo pi bon pwoteksyon kont maladi anfans grav yo epi yo sekirize epi yo efikas. Efò ke yo te fè jodi a yo kanpe an kontradiksyon fas a tandans anti-vaksinasyon twoublan atravè nasyon an epi li mete aksan sou angajman New York pran pou pwoteje sante piblik."**

Menm si Eta a ka pwoklame gwo nivo vaksinasyon yo globalman, maladi ke yo ka evite tankou lawoujòl yo rete yon menas pou sante piblik lè echapatwa administratif yo ap pèmèt timoun yo rete san yo pa vaksine, sa ki gen potansyèl pou mete kominote yo an danje—epi espesyalman abitan ki pi vilnerab pami nou yo—atravè Eta a. Atravè Eta a, 96% timoun ki nan laj pou al lekòl yo te pran vaksen kont lawoujòl, oreyon ak ribyòl (measles, mumps and rubella, MMR), ak vaksen "MMR" lan, men yon epidemi lawoujòl kontinye afekte kominote yo ki nan divès pati nan Eta a kote nivo a pi ba. Eta New York pèmèt aktyèlman alafwa egzansyon medikal ak sa relijye yo pou MMR ansanm ak lòt vaksen yo pou elèv ki pral lekòl yo.

### **Mezi Depatman Sante yo (Department of Health) ki Ap Kontinye**

Depi 1 Oktòb 2018, Depatman Sante a te travay de prè ak otorite lokal yo pou lanse yon entèvansyon sante piblik san presedan an pou epidemi lawoujòl aktyèl lan — ki se pi gwo a nan Eta New York depi 1991. Esklizyon nan lekòl ak gadri ke Depatman Sante a te fè yo te pwouve yo efikas nan asire ke paran yo pral mennen pitit yo al pran vaksen MMR lan. Efò ke Depatman Sante a kontinye fè yo, ansanm ak voye mesaj sou enpòtans vaksinasyon nan divès lang, te abouti a monte drastik nan nivo vaksinasyon yo. Depi lè epidemi lawoujòl la te kòmanse nan sezon otòn pase a, yo te bay plis pase 49,000 dòz vaksen MMR nan Konte Rockland, Orange ak Westchester.

Lidèchip Depatman Sante a, ansanm ak Komisè Dr. Howard Zucker, kontinye rankontre ak lidè kominotè yo nan zòn ki afekte yo nan objektif pou ka pwomouvwa pi gwo edikasyon epi redwi movèz enfòmasyon ki genyen sou dosye vaksinasyon yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)